

16 oktòb 2024

Angajman mwen anvè oumenm

Chè fanmi,

Se yon gwo onè pou mwen pou sèvi kòm nouvo Chanselye ou. Kòm yon edikatè pou tout lavi ak manman yon elèv Lekòl Leta Vil Nouyòk (NYCPS), mwen anvi travay avèk ou ak sèvi ou.

Lè m t ap grandi nan Bronx kòm yon timoun, manman m te anseye m ke edikasyon se tikè pou yon lavi pwosperite ak pwogrè. Mwen te decide vin yon pwofesè an 2007 paske menmjan avèk manman m, mwen kwè nan pouvwa edikasyon pou chanje lavi.

Mwen te kòmanse karyè mwen nan salklas Harry S. Truman High School epi mwen te vin tounen yon administratè nan nivo lekòl ak distri. Antanke chèf kabinè ansyen Chanselye Banks, mwen te dirije Project Open Arms, yon efò plizyè ajans pou akeyi ak sipòte plis pase 45,000 nouvo Nouyòkè nou yo. Nan dènye wòl mwen an, mwen te sèvi kòm Chanselye Adjwen pou Angajman Fanmi ak Kominote ak Afè Ekstèn, pou ankouraje patenarya ant fanmi, lekòl ak kominote.

Mwen konnen sistèm lekòl sa a anndan kou deyò—epi chak ane ki pase, mwen vin pi etone pou wè talan anplwaye nou yo, inovasyon nan salklas nou yo, devouman fanmi nou yo ak dirijan paran yo, ak entelijans elèv nou yo. Vin nouvo Chanselye a se aboutisman tout sa mwen akonpli nan travay mwen fè nan lavi m.

Mwen vle remèsye Majistra Adams pou opòtinite sa a, ak Chanselye Banks pou kokenn kontribisyon li fè nan sistèm lekòl nou an. Inisyativ nou lanse yo—soti nan NYC Reads pou rive nan pwogram reimajine Student Pathways—te vrèman pote transfòmasyon, epi mwen vle kontinye pwogram sa yo. Tanpri konnen mwen pran angajman pou asire estabilite ak konsistans nan fonksyonman chak jou lekòl nou yo.

Antan paran NYCPS mwenmenm, m ap travay pi di m pou asire lekòl nou yo se espas ki an sekirite ak akeyan pou timoun nou yo, yo mete yon nivo akademik ki wo, epi yo ofri bonjan opòtinite pou aprantisaj ak devlopman. Mwen pran angajman pou m defann chak timoun nou yo menm jan m ta fè pou pwòp pitit fi mwen an. Epi, mwen pran angajman pou koute sajès fanmi nou yo epi asire nou ap fè pati nou kòm yon ajans pou kominike klèman ak souvan.

Mwen kontan anpil pou kontinye bay yon bon demaraj pou yon avni asire pou timoun vil nou an, epi mwen pa ka tann pou wè tout sa nou ka reyalize ansanm. Mèsi dèske ou chwazi Lekòl Leta Vil Nouyòk pou timoun ou yo.

Nan patenarya,



Melissa Aviles-Ramos, Chanselye